



Bilten Entegrite

Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini
Biwo Enspektè Jeneral la

Septanm 2017

AVÈTISMAN KONSÈNAN MAGOUY: Magouy nan Dezas Harvey, Irma, ak Maria

Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) ak Biwo Enspektè Jeneral (Office of Inspector General, OIG) HUD la ap avèti tout viktim Siklòn Harvey, Irma, ak Maria pou yo fè atansyon ak moun k ap fè magouy apre yon dezaz. W ap bezwen pwoteje tèt ou kont magouyè ki pral pwofite sou konfizyon ki genyen nan enfòmasyon apre yon gwo dezaz.

Veye magouyè k ap pran pòz se enspektè kay yo ye. Magouyè yo ka pran pòz yo se enspektè k ap travay pou Ajans Federal pou Jesyon Ijans (FEMA) oswa Administrasyon Ti Komès. Magouyè sa yo ka mande enfòmasyon sou bank ou, yo mande ou lajan pou peye frè, oswa eseye pouse ou pou ou itilize sèten konpayi pou fè reparasyon. Gen lòt ki ka chèche enfòmasyon pèsònèl ou yo pral itilize pou vòlè idantite w.

Pwoteje tèt ou

- ✓ Vrè enspektè yo deja gen nimewo enskripsyon 9 chif pou a ak lòt enfòmasyon pèsònèl epi yo pa pral bezwen mande li.
- ✓ Enspektè yo dokimante domaj nan kay ou; yo pa fè aranjanman oswa sijere reparasyon.
- ✓ Toujou mande pou wè idantifikasyon gouvènman avan ou pataje enfòmasyon.

Veye kontraktè ki se magouyè. Pral gen kontraktè magouyè ki pral kouri pwofite sou pwopriyete kay yo. Souvan magouyè sa yo mande pou pou peye yo yon pakèt lajan davans epi yo fè yon vye travay oswa ou pa janm tande nouvel yo. Paske kontraktè sa yo pa rete nan zòn nan, li pral enposib pou ou jwenn yo pita si yo pa fè travay yo pwomèt la. Yo pa gen okenn adrès pèmanan, epi yo pa reponn telefòn yo. Gen kèk magouyè ki pral ba ou yon pri byen ba epi yo pral ajoute lòt frè apre ou siyen yon kontra ak yo.

Pwoteje tèt ou

- ✓ Anboche sèlman kontraktè ou ka jwenn referans pou yo.
 - ✓ Nan Florida, yon kontraktè dwe gen yon lisans pou li ka bay yon òf pou yon djòb, donk ou ka chèche nan entènèt <https://www.myfloridalicense.com/wl11.asp?mode=1&SID=&brd=&typ=if they have a license>.
 - ✓ Texas pa bay kontraktè jeneral yo lisans, se sèlman kèk espesyalite tankou elektrik, plonbri, ak chofaj ak klimatizè ki gen lisans. Epiou, nan Texas kontraktè jeneral yo pa bezwen pote asirans responsablite oswa gen konpansasyon travayè. Mande pou yo montre ou asirans yo. Si yo pa yon kontraktè lokal ki etabli mande pou pran yon foto lisans chofè kontraktè a, lisans kontraktè a, oswa lòt idantite ki gen foto yo sou li.

- ✓ Fè atansyon ak kontraktè k ap frape nan pòt ou pou mande travay. Se yon bagay anpil konpayi ki pa kanpe sou anyen ap mache fè. Souvan yo mande pou ou peye tout kòb la davans, epi yo di yo bezwen achte materyo yo. Negosye pou w achte materyo yo ou menm. Si yo pa dakò, bay yo vag.
- ✓ Fè atansyon ak kontraktè ki pa vle bay yon kontra ekri epi ki di yo fè ou konfyans konsa. Toujou gen yon kontra sou papyè ki dekri egzakteman ki travay yo bezwen fè ak lè ou pral peye yo ki pa baze sou tan men sou pousantaj travay ki fè byen yo.
- ✓ Mete tout chanjman nan travay alekri. Anjeneral chanjman travay vle di plis lajan pou pwopriyetè kay la, kidonk ou dwe pridan avan ou dakò pou nenpòt ki chanjman. Si ou aksepte eksplikasyon kontraktè pou rezon pwoblèm nan ak rezon yo chanje pri a, asire w ou resevwa yon kontra modifiye ak yon lòd travay ou menm ak kontraktè a siyen. Lòd travay la ta dwe dekri pwoblèm nan, solisyon an, pri travay ak materyo yo, ak yon plan peman revize.
- ✓ Fè atansyon si yon kontraktè di ou li pa bezwen pèmi konstriksyon oswa minisipalite a te bay yo egzanpsyon pou dezaz la. Asire ou kontraktè a jwenn pèmi konstriksyon ki nesèsè epi minisipalite a fè nenpòt enspeksyon pwovizwa ak final sou travay kontraktè a. Rele depatman bilding lokal ou oswa biwo planifikasyon pou verifiye kisa ou bezwen.
- ✓ Fè atansyon si li se yon òf yon sèl-fwa, disponib sèlman jodi a, oswa yon kontra espesyal sou rès materyo soti nan yon lòt travay. Sa yo se taktik pou bay presyon fè ou aksepte kontra a.
- ✓ Ou dwe sispèk gwo òf yo. Magouyè yo pral di depans pou dezaz yo pral wo anpil. Toujou mande yon lòt òf oswa de pou pwoteje tèt ou kont moun k ap mande twòp lajan. Malgre ou anvi jwenn yon moun pou kòmanse reparasyon, lè w pran tan pou pwoteje tèt ou ou ka fè anpil ekonomi epi epanye fistrasyon pi devan.

Veye fo pwogram asistans. Fè atansyon ak magouye k ap pran pòz y ap travay pou gouvènman oswa lòt ajans ki bay asistans. Fo anplwaye sa yo pral mande peman oswa frè pou aplikasyon pou w ka jwenn èd oswa kredi. Veye moun k ap mande charite sou entènèt oswa k ap frape pòt ou pou mande. *Te gen plizyè santèn sitwèb yo te ajoute semèn avan Harvey te frape a ki sanble yo asosye ak magouyè k ap pran pòz y ap ede moun.* Sit sa yo pa reglemante, epi li difisil pou konnen kiyès k ap ede ak kiyès k ap vòlè.

Pwoteje tèt ou

- ✓ Ajans gouvènman yo pa chaje pou aplikasyon yo.
- ✓ Konnen travayè leta ak federal pap mande oswa aksepte lajan.
- ✓ Toujou mande pou wè kat idantifikasyon moun ki reklame yo ak ajans gouvènman yo.

- ✓ Tcheke òganizasyon charitab yo avan ou bay. Pou verifye si yon òganizasyon lejitim gade nan [Charity Navigator](#), [Charity Watch](#), ak [Give.org](#).

Atansyon ak moun k ap vann machin ki te pran nan dlo. Si ou menm oswa yon moun ou konnen pèdi yon machin nan inondasyon epi nou prese ranplase li, fè atansyon ak magouyè ki ka netwaye machin ki te pran nan dlo epi eseye revann yo.

Pwoteje tèt ou

- ✓ Mete nimewo idantifikasyon machin lan nan [VINCheck](#). Sa a se yon sèvis gratis nan Biwo Krim Asirans Nasyonal la ki ta ka revele domaj inondasyon yon machin ak moun ki te pwopriyetè yo avan yo te nan yon inondasyon. [Carfax](#) ak [AutoCheck](#) se bon sous tou.
- ✓ Fè pwòp ankèt ou!
 - ✓ Machin nan ka toujou gen yon sant kanni.
 - ✓ Li gen yon gwo sant pafen, sa ka vle di moun k ap vann nan ap eseye kache yon bagay.
 - ✓ Veye kapèt ki sanble yo fèk mete yo, ki chanje koulè, oswa ki gen tach dlo.
 - ✓ Teste sistèm elektrik yo, tcheke pou dlo nan lamp yo ak zegwi yo, epi gade si pa gen limon kote lè yo ap soti ak lòt kote ki difisil pou lave nan machin nan.

*Si ou sispèk nenpòt magouy nou mansyone pi wo a, rele [Liy Dirèk pou Magouy Pandan Dezaz](#) la nan **866-720-5721**.*

Si ou se yon viktim, ou sispèk yon moun ap fè magouy nan reparasyon kay ou, yon moun kontakte ou pou ba ou enfòmasyon ou pa te mande, oswa ou kwè yon moun ap bay pri ki twò wo, rele

- *Biwo Pwokirè Jeneral Texas la nan **800-252-8011** oswa*
- *Direktè Jeneral pou Magouy nan Florida: **866-966-7226**.*

Veye moun k ap fè magouy epi k ap pran pòz y ap ede ou sove kay ou. Plizyè milye kay ki gen asirans federal te domaje epi kèk nan yo pa gen asirans pou inondasyon. Paske anpil pwopriyetè ka te pèdi mwayen pou jwenn revni pou yon ti tan oswa nèt akòz dezaz la, li ka difisil pou yo peye kay yo. Lè y ap goumen pou evite yo sezi kay yo, viktim sa yo ka sib pou magouyè k ap pran pòz ka ede yo jwenn ka yo oswa modifiye kredi yo.

Pwoteje tèt ou

- ✓ Ou dwe konnen yo p ap ka sezi yon kay ipotèk li gen yon asirans federal nan yon zòn dezaz gen yon pandan 90 jou apre yon dezaz.
- ✓ Fè atansyon ak konpayi ki di yo ka ede ou evite pèdi kay ou oswa fè ou jwenn yon modifikasyon kredi. Jeneralman yo fè ou peye yon pakèt lajan pou frè epi yo disparèt ak lajan ou.

- ✓ Kontakte konpayi ipotèk ou an pou detèmine opsyon ou genyen si kay ou pa gen asirans inondasyon oswa si w gen pwoblèm pou fè peman ipotèk yo
- ✓ Si ou gen yon ipotèk, pale ak moun ki responsab sèvis pou kredi ou a san pèdi tan. Si ou pa ka jwenn moun ki responsab sèvis pou kredi ou a, rele yon [HUD counselor](https://www.hud.gov/offices/hsg/sfh/hcc/fc/) pou w ka konnen ki chwa ou genyen. Klike oswa itilize lyen sa a (<https://www.hud.gov/offices/hsg/sfh/hcc/fc/>). Ou ka kalifye pou yo kanpe peman ou yo pou 12 mwa san okenn sanksyon lè tan sa a fini.
- ✓ Rele konpayi asirans danje ou oswa asirans pwopriyetè kay ou. L ap enpòtan pou ou kòmanse ranpli dokiman pou nenpòt asirans ou kapab genyen.
- ✓ Finalman, rele FEMA epi aplike pou èd pou dezaz. Yo gen plizyè resous pou ede. Rele 800-621-3362 oswa ale sou [disasterassistance.gov](https://www.fema.gov/disasterassistance).

Pa kite Moun Pran tèt ou Pou w Antre nan Fè Magouy tou. Pandan y ap distribye èd gouvènman, gen moun ki ka di w pou w bay manti pou w ka kalifye oswa itilize lajan ou resevwa a mal.

Pwoteje tèt ou

- ✓ Aplike sèlman pou èd ou kalifye pou resevwa.
- ✓ Pa eseye reklame yon kay vakans oswa kay lokasyon kòm yon rezidans pèmanan.
- ✓ Pa fè reklamasyon pou domaj ou te genyen avan dezaz la.
- ✓ Pa aplike pou avantaj de fwa (tankou bon lokasyon oswa lajan reparasyon) nan ajans gouvènman diferan.
- ✓ Pa sèvi ak lajan reparasyon oswa elevasyon ou resevwa pou lòt rezon.
- ✓ Si ou te resevwa asistans federal pou dezaz avan yo, epi ou pa kenbe asirans inondasyon jan sa nesèsè apre sa, ou ka pa kalifye pou plis asistans.

Moun ki eseye bay manti pou fè magouy ka ale nan prizon oswa ak/oswa peye amann. Fè pati solisyon an: Pa pran sa ki pa pou ou pou moun ki merite yo ka jwenn pati pa yo, epi si ou wè yon moun ap pwofite sou malè lòt moun, pote plent pou li.

**Si ou sispèk yon moun ap fè magouy, rele oswa ekri liy dirèk
OIG HUD a.**

IMÈL: hotline@hudoig.gov
RELE: 1-800-347-3735
FAKS: 202-708-4829
EKRI: HUD Inspector General Hotline (GFI)
 451 7th Street SW
 Washington, DC 20410